


Si nou resevwa kado gratis sali sa a, nou p'ap bezwen ale kote tèrib sa a ki rele Lanfè a. Bib la di ke nou dwe repanti. Repanti vle di se tounen vin jwenn Bondye epi regrett pou peche nou yo epi gen yon chanjman de kè sou wout ke ou ye a. Matye 7:13 "Antre nan pòt jis la. Paske, pòt ki laj la, chemen ki fasil la ap mennen nou tou dwat nan lanmò. Gen anpil moun ki pase ladan li."

Bib la di ke nou dwe kwè nan Seyè Jezi Kris. Women 10:9 "Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pamì mò yo, wa sove." Silteplè pa di wa gentan pou two ta pa bare w. Lanfè se yon plas reyèl!



P.O. BOX 609 • YORK, SC 29745 • 803-684-1535  
WWW.HOPETRACTS.ORG  
Is Hell A Real Place? (Haitian Creole) Tract 468



**A**npil liv ak anpil sinema pale sou zafè Lanfè pandan ane yo, men èske reyèlman gen yon plas ki rele Lanfè oubyen èske se yon mit pou fè moun pè? Lanfè a tèlman se yon kote ki tèrib anpil moun pa vle panse de sijè sa, se konsa, pandan tout lavi yo, yo inyore sijè sa. Si Lanfè a reyèl, enben moun sa yo fè yon gwo erè nan vi yo.

Men koman nou ka fè konnen ke Lanfè se yon plas reyèl vre? Nou ta kapab mande moun ki konn abitye pale ak mò, men kòman pou nou fè konnen si yo ap di verite? Se konsa, anpil nan yo te fè prediksyon ki pa't rive, apre sa, yo te pwouve ke se mantè yo ye. Genyen yon sèl sous verite ki pèmèt nou wè nan domèn espirityèl la, e li pa janm pwouve mal! Li se Bib la.

Bib la di ke Lanfè se yon plas reyèl li ye. Som 9:17 "Seyè a fe yo konnen ki moun li ye, li jije yo san patipri. Sa mechan yo fè a tounen kont yo." Bib la di ke Lanfè se yon kote ki plen dife ki te kreye pou Satan ak tout zanj rebèl li yo epi pa te yon kote pou moun nan kòmansman. Matye 25:41 "Aprè sa, li pale avèk sa ki sou bò gòch li yo, la di: Wete kò nou sou mwen, nou menm ki gen madichon! Al nan dife ki p'ap janm mouri an, dife ki te pare pou dyab la ak zanj li yo."

Bib la di ke Lanfè se yon kote ki fè nwa toupatou. Jid 1:13 "Yo tankou lanm lanmè lè lanme a move. Y'ap pouse kim salte yo mete deyò. Yo tankou zetwal ki pèdi wout yo. Bondye sere yon plas pou yo kote ki fè pi nwa a pou tout tan." Bib la di Lanfè se yon kote ke touman p'ap janm fini. Revelasyon 14:11 "Lafimen dife k'ap fè yo soufri a ap moute tout tan san rete. Moun ki adore bêt la ak estati li a, ansanm ak tout moun ki resevwa mak non li a, yo yonn p'ap gen repo lajounen kou lannwit."

Bib la di ke Lanfè se plas ki rezève pou tout moun ki pa sove. Genyen yon liv nan Syèl la ki rele "Liv lavi a" li anrejistre non tout moun ki te kwè nan Jezi Kris (Pitit Bondye a) kòm Seyè e Sovè yo. Revelasyon 20:15 "Tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou."

Bib la di ke Jezi Kris te fè yon chemen pou sove ou. Li te vini nan lemonn pou mouri pou peche limanite paske nou tout se pechè. Women 3:23 "Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen tout pouvwa a." Women 6:23 "Peche peye nou kach: li ban nou lanmò; men kado Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, yon lavi ki p'ap janm fini."